WIKIPÉDIA

Basa Jawa Kuna

Basa Jawa Kuna (krama **Basa Jawi Kina**) iku basa Jawa kang dipigunakaké wiwit kurang luwih abad kaping 9 nganti abad kaping 14. Basa Jawa Kuna kahanané isih bisa disinaoni jaman saiki amarga nalika iku basa iki wis ditulis.Basa Jawa Kuna akèh prabawa saka tembung Sansekerta. Akèh paninggalan prasasti lan karya sastra kang tinemu. Yèn prasasti-prasasti iki racaké ditulis ing watu utawa tembaga mawa aksara Jawa Kuna. Nanging yèn karya sastra racaké diawètaké ing Bali lan Lombok mawa naskah rontal, sanadyan uga ana naskah Jawa Kuna saka Jawa dhéwé, Tatar Sundha, lan Madura.

Bhāṣa Jawa, Bhāṣa Kawi	
Dipituturaké ing:	Jawa, Madura, Bali
Kapunahan	Owah dadi basa Jawa Tengahan ing abad kaping-13
Rumpun Basa Klasifikasi:	basa Austronesia basa Melayu-Polinesia basa Melayu-Polinesia Kulon basa Sundik **Basa Jawa Kuna**
Status Resmi	
	basa mati
Kode Basa	
ISO 639-1	...
ISO 639-2	...
SIL	...

Conto basa Jawa Kuna

- *Kunang kacaritanikanang amawa phalaning jambu, sânak ikang nāga Takṣaka tumutur sakêng pātāla, ikang Takṣaka munggwing sunguting jambu. Ikang brāhmana mamawa jambu, ri huwusing jambu kawwat, mangunyakĕn wedaśānti mangastungkārājaya-jaya mantra.*

Jarwa lumrah

'*Déne caritané kang nggawa woh jambu, seduluré naga Taksaka, mèlu saka ing dhasaring bumi, si Taksaka dumunung ing sunguting jambu. Sang Brahmana ngasta jambu, ing sawisé jambuné kaatur, ngunèkaké pepujèn wéda, memuji slamet lan unggul mantra

Prabédan antara basa Jawa Kuna lan basa Kawi

Basa Kawi iku basa kasusastran. Basa iki bisa dhedhasar basa Jawa Kuna, nging durung temtu.

Référènsi

- W.J.S. Poerwadarminta. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff-Kolff
- Marsono. 2011. *Morfologi-Basa Indonésia dan Nusantara*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

D · R · B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Basa_Jawa&action=edit)

Basa Jawa

Paramasastra	Fonologi · Morfologi · Sintaksis
Sajarah	Jawa Kuna · Jawa Tengahan · Jawa Anyar

Aksara	Carakan · Pégon · Latin			
Warna-warna	Jawa Baku			
	Dhialèk	Jawa Wétanan	Surabaya · Malang	
		Jawa Tengahan	Semarangan · Mataraman (Ngayogyakarta-Surakarta)	
		Jawa Kulonan	Sérang · Cerbon-Dermayu · Tegal · Banyumasan	
	Walikan	Malangan · Ngayogyakarta · Semarangan		
Unggah-ungguh	Tembung	Baku	Ngoko (lan Krama ngoko) · Krama · Krama inggil (lan Krama andhap)	
		Ora baku	Krama enggon-enggonan · Krama désa · Krama madya	
	Basa	Modhèren	Ngoko	Ngoko lugu · Ngoko alus
			Krama	Krama lugu · Krama alus
		Kajawèn	Ngoko	Ngoko lugu · Ngoko antya-basa · Ngoko basa-antya
			Madya	Madya ngoko · Madyantara · Madya krama
			Krama	Wrédha krama · Kramantara · Mudha krama
		Bagongan		
Liyané	Angka · Geguritan · Jeneng · Sastra · Konggrès Basa Jawa			